

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun maluruh prosés kreatif Abdullah Mustappa waktu ngarang novél *Lembur Singkur*. Utamana unsur-unsur éksprésif pangarang novél *Lembur Singkur* sarta téhnik prosés kreatif pangarang novél *Lembur Singkur*. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif, kalayan ngagunakeun téhnik studi pustaka, wawancara jeung dokuméntasi. Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta prosés kreatif jeung pamarekan éksprésif M.H Abrams.

Dina pamarekan éksprésif kapanggih unsur-unsur éksprésif kapangarangan Abdullah Mustappa saperti kontéplasi, *spontanitas*, *intuisi*, pangalaman, *intelegensi*, *integrasi*, kapribadian, émosi, konsep seni, kakuatan batin, *imajinasi* jeung rasa. Éta unsur-unsur téh jadi bahan prosés kreatif pangarang dina ngarang. Dina kontéplasinna Abdullah Mustappa katitén tina puseur panitén éta novél anu ngagunakeun tokoh budak leutik anu polos. Spontanitasna katitén tina ngarang-ngaran palaku sarta eusi novél anu ngagambarkeun kasang tukang kajadian politik. Intuisina mantuan Abdullah Mustappa dina ngaguluyurkeun carita, sangkan kapolosansarta kabasajanan eusi carita téh saluyu. Pangalaman Abdullah Mustappa loba nu nyampak dina ieu novél, da mémang anjeunna kungsi hirup dina mangsa babarontakan DI/TII. Intelegénsi Abdullah Mustappa mémang teu katitén dina novél, lantaran puseur paniténa budak leutik anu polos. Integrasina katitén tina tapisna Abdullah Mustappa nyaluyukeun dirina salaku budak leutik anu polos dina ieu novél. Kapribadian Abdullah Mustappa teu pati réa nyampak dina carita, alatan puseur paniténa. Nu saeutik nyampak mah nya kabasajanan dina nyaritakeun hiji kulawarga dina hiji kaayaan anu kacow. Sanajan Abdullah Mustappa ngalaman sorangan kakacowan waktu DI/TII narajang, tapi anjeunna teu ngalibetkeun rasaan jeung émosi pribadina. Anu nyampak dina novél mah ukur rasaan jeung émosi budak. Dina ngolah carita pikeun novél *Lembur Singkur*, Abdullah Mustappa teu pati réa maké pangréka

basa. Éta hal lantaran pangalaman nulisna dina widang jurnalistik.

Ngaliwatan pamarekan éksprésif, kapaluruh prosés kreatif Abdullah Mustappa dina ngarang novél *Lembur Singkur*. Dina ieu panalungtikan kapaluruh yén titik pamiangan Abdullah Mustappa téh nya éta tina pangalaman pribadina. Sanggeus Abdullah Mustappa nimukeun cara pikeun ngébréhkeun pangalamanana, tuluy éta idé anu geus ditimukeun téh digarap, diolah deui sangkan ngawujud carita anu béda jeung pangalamanna. Dina éta novél Abdullah Mustappa ogé ngaéksprésikeun idé caritana tina puseur panitén salaku budak leutik. Pangalaman nyata nu dialaman ku Abdullah Mustappa di antarana, babarontakan DI, aya budak uwana anu diculik ku DI tuluy teu kungsi balik deui, jeung suasana waktu gorombolan DI narajang. Éta pangalaman nyata ngan ukur dipaké bahan pikeun tulisanna, anu tuluy kalayan inteléktualna éta pangalaman téh diréka-réka deui nepi ka kacipta *Lembur Singkur*, hasil tina prosés kreatif anu panjang. Sanggeus aya naskah novél *Lembur Singkur*, tuluy dicitak jadi buku pikeun dikomunikasikeun ka masarakat.

5.2 Implikasi

Tina ieu panalungtikan dipiharep anggota masarakat sacara umum maham yén karya sastra dipangaruhan ku kahirupan sosial masarakatna. Sarta dipiharep ogé bisa ngalegaan informasi ngeunaan novél anu kasang tukangna sosial-politik di tatar Sunda.

Panalungtikan novél *Lembur Singkur* ieu teu ngan saukur medar *Lembur Singkur* salaku teks sastra, tapi *Lembur Singkur* téh mangrupa aktualisasi diri pangarang. Hartina pangarang salaku anu nulis téh ngalaman prosés kreatif dina nyiptakeunna. Prosés kreatif pangarang jadi salah sahiji élémén pikeun jadi objék dina ieu panalungtikan. Salah sahiji mangpaat ieu panalungtikan nya éta salaku gambaran umum pikeun masarakat ngeunaan novél sosial-politik, prosés kreatif ngarang novél sosial-politik jeung konsép éksprésif salaku pamarekanana.

5.3 Rékoméndasi

Panalungtikan ngeunaan novél *Lembur Singkur* karya Abdullah Mustappa tangtu loba kénéh kurangna. Hal éta lantaran dina novél *Lembur Singkur* karya Abdullah Mustappa masih loba hal anu kudu ditalungtik ngagunakeun pamarekan atawa teori nu séjén.

Liana Cantika, 2017

PROSÉS KRÉATIF ABDULLAH MUSTAPPA DINA NOVÉL LEMBUR SINGKUR: KAJIAN ÉKSPRÉSIF KARYA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Panalungtikan anu ngagunakeun pamarekan éksprésif tangtu bakal leuwih jembar jeung nyosok jero saupama dibarengan ku tiori struktural Robert Stanton. Ku cara éta dipiharep hasil panalungtikan kana eusi novélna leuwih gembler.

Panalungtikan karya sastra nu ngagunakeun pamarekan éksprésif jeung ngaguar prosés kreatif pikeun novél jeung karya sastra Sunda sacara umum can loba nu ngalaksanakeun. Ku kituna masih kénéh terbuka kasempetan pikeun nalungtikna.